



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ÒGANIZE YON TAB WONN SOU YON PWOPZISYON KI ALATÈT NAN NASYON AN POU SEKIRITE TIMOUN YO SOU ENTÈNÈT**

***Pwopozisyon an pral ede pwoteje timoun yo kont predatè, magouyè ak chatbòt IA yo sou platfòm sou entènèt yo***

***Baze sou travay Gouvènè a ki alatèt nan nivo nasyonal pou mete etikèt avètisman sou rezo sosyal yo, limite fil nouvèl ki kreye depandans, kreye mezi pwoteksyon kont konpayon IA ki danjere yo, epi mete restriksyon sou esmatfòn nan lekòl***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te òganize yon tab wonn ak paran ki soti nan Common Sense Media pou diskite sou pwopozisyon li ki alatèt nan nasyon an pou pwoteje timoun ak adolesan sou entènèt. Pwopozisyon an pral ede pwoteje timoun yo kont predatè, magouyè ak chatbòt IA ki danjere yo sou platfòm sou entènèt yo. Pwopozisyon sa a baze sou travay prensipal Gouvènè Hochul la pou mete etikèt avètisman sou rezo sosyal yo, limite fil nouvèl ki kreye depandans, kreye mezi pwoteksyon kont konpayon IA ki danjere yo, epi mete restriksyon sou esmatfòn nan lekòl.

"Avèk teknoloji k ap evolye ak platfòm sou entènèt ki pèmèt moun konekte soti nenpòt kote nan mond lan, li pi enpòtan pase tout tan pou nou kenbe timoun nou yo an sekirite sou entènèt kont tout kalite danje posib," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwopozisyon bon sans sa a p ap sèlman pwoteje timoun nou yo sou entènèt, men l ap bay paran yo lapè lespri tou pandan timoun yo ap jwe jwèt epi ap defile sou rezo sosyal yo."

**Direktè Prensipal Kanpay Defans Common Sense Media, Liz Foley, te deklare,** "Common Sense Media remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou ranfòse pwoteksyon pou timoun sou entènèt nan Nouyòk. Tit apre tit montre nou kijan jwèt sou entènèt timoun yo pi renmen yo ak sit rezo sosyal yo vin tounen teren kote predatè ap veye. Elaji verifikasyon laj, asire konfidansyalite pa defo, pwoteje timoun kont chatbòt IA ki pa an sekirite, epi bay paran yo plis pouvwa pou kenbe timoun yo an sekirite se mezi pwoteksyon fanmi yo bezwen e yo merite. Gouvènè a ap kontinye dirije Nouyòk nan bon direksyon an pou timoun nou yo."

Pake lejislatif Gouvènè a pwopoze a pou pwoteje timoun yo kont menas k ap parèt sou rezo sosyal yo ak sou platfòm jwèt sou entènèt yo gen ladan:

- **Elaji Verifikasyon Laj:** Elaji egzijans yo pou platfòm yo fè verifikasyon laj, sa ki gen ladan tou platfòm jwèt sou entènèt.
- **Konfidansyalite pa Defo:** Y ap mete timoun yo otomatikman sou nivo konfidansyalite ki pi wo a sou platfòm ki konsène yo pa defo; sa vle di moun ki pa konekte avè yo pa ka voye mesaj bay timoun yo, pa ka gade pwofil yo, ni pa ka make yo nan kontni yo. Paramèt lokalizasyon yo ap dezaktive pa defo, epi timoun ki gen mwens pase 13 an dwe resevwa apwobasyon paran yo pou nouvo koneksyon.
- **Dezaktive Fonksyon Chatbòt IA yo:** Dezaktive kèk fonksyon chatbòt IA sou platfòm rezo sosyal yo pou timoun yo.
- **Sipèvizyon Finansye:** Paran yo dwe kapab fikse limit sou tranzaksyon finansye timoun yo epi gade istorik tranzaksyon yo

Pwopozisyon Eta Leta sa a baze sou efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou adrese kriz sante mantal jèn yo ki te mete Nouyòk kòm yon lidè global nan garanti yon mond sou entènèt ki pi sekirite pou timoun yo. Inisyativ yo gen ladan:

- Lwa SAFE for Kids la, ki limite fonksyon adiktif rezo sosyal yo pou timoun, epi ki etabli yon presedan nasyonal enpòtan sou verifikasyon laj.
- Lwa Child Data Protection (Pwoteksyon Done Timoun) lan, ki anpeche operatè sou entènèt yo ranmase epi fè lajan sou done timoun yo san konsantman enfòmè.
- Lejislasyon sou Companion AI (Konpayon IA), ki mete premye pwoteksyon nan peyi a, ki redirije konvèsasyon itilizatè yo sou blese tèt yo pou ale nan resous sante mantal, epi ki entèwonp konpòtman depandans ki pa bon. Gouvènè a entèdi tou materyèl abi seksyèl sou timoun ki se kreyasyon entelijans atifisyèl (IA) oswa ki manipile atravè li.
- Pwogram Dekonekte epi Ale Jwe (Unplug and Play) a, ki ede ankouraje bon sosyalizasyon ak devlopman timoun yo lè li finanse enfrastrikti sosyal, espas fizik tankou pak/lakou jwèt, sant kominotè ak pisin, epi li elaji pwogram pou jèn yo.
- Politik Aprantisaj San Distraksyon Nouyòk la, ki deja gen plis siksè akademik, te amelyore byennèt elèv yo, epi [anviwònman lekòl pou elèv yo](#) ki pi an sekirite.
- Pwojè Lwa sou Etikèt Avètisman an ki pral egzije konpayi rezo sosyal yo afiche avètisman sou enpak potansyèl platfòm la sou sante mantal.

**Senatè Andrew Gounardes, te deklare,** "Verite senp lan sè ke platfòm sou entènèt kote timoun nou yo pase anpil nan tan yo pa rive kenbe yo an sekirite. Si gwo konpayi teknoloji yo pa aji, n ap fè sa. Se poutèt sa mwen te batay anpil pou fè pase Lwa SAFE for Kids la ak Lwa sou Pwoteksyon Done Timoun yo, epi se poutèt sa tou nou bezwen bati sou siksè sa yo avèk pwopozisyon sa yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li te konvoke tab wonn enpòtan sa a."

**Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare,** "Antanke Prezidan Komite Sante Mantal Sena a, mwen rekonèt sante mantal jèn yo se yon kriz nan Eta Nouyòk, epi nou dwe itilize

solisyon ki baze sou prèv pou ede jèn nou yo ki nan bezwen. Efò Gouvènè Hochul yo pou ede paran yo pwoteje jèn nou yo kont predatè, magouyè ak chatbòt entèlijans atifisyèl ki danjere pral ede kenbe elèv yo an sekirite pandan y ap bay priyorite a aprantisaj ak devlopman."

**Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare,** "Jenerasyon timoun jodi a ap fè fas ak yon menas san parèy pou eksplwatasyon akòz move pratik gwo konpayi teknoloji yo. N ap wè tit apre tit sou ka trajik ki rive kòm rezilta aksè timoun yo genyen, san kontwòl e souvan san yo pa rann yo kont, ak chatbot IA yo, rezo sosyal ki kreye depandans ak ekstraksyon done. M pa ka tann pou m travay ansanm ak Gouvènè a pou fè pase lejislasyon ki mete sekirite jèn nou yo an premye, pandan n ap rann platfòm sou entènèt yo ak teknoloji yo responsab pou fonksyon ki pa an sekirite pou yo."

**Manm Asanble Steve Otis te deklare,** "Gouvènè Hochul ak lejislati a dirije nasyon an lè yo adopte politik pou pwoteje timoun kont teknoloji ki kapab entèfere, manipile, pwofite yo, oswa fè yo edikasyon yo mal, devlopman yo, konfidansyalite yo ak otonomi yo. Timoun yo patikilyèman vilnerab nan yon mond kote enfòmasyon sou moun fasil pou jwenn gras ak teknoloji k ap evolye san rete. Mezi pwoteksyon siplemantè Gouvènè a pwopoze ane sa a se pwochen etap la pou pwoteje timoun kont menas sa yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)